

# Ama seruvise imiryango ifise abana bato irungikwamwo



**Umugambi WIC uraba ivy'ingaburo z'abagore, inzoya hamwe n'abana (WIC Nutrition Program)**

canke uhamagare kuri 207-287-3991

Umugambi WIC ufasha abagore bibungenze, abagore bonsa, abana bato gushika ku myaka 5, harimwo n'abana barezwe n'abavyayi atari ab'amaraso. Umugambi WIC urikwije mu gutanga ubufasha mu vy'ingaburo kandi utanga imfungurwa zitanga amagara meza, inyigisho mu vy'ingaburo, ubufasha mu vy'ukwonsa kandi ukanarungika abantu mu yandi ma seruvise bakeneye.



**Igisata citwararika Abana bakeneye ubufasha budasanze mu vy'amagara y'abantu (Children with Special Health Care Needs - CSHN)**

canke uhamagare kuri 800-698-3624

Igisata citwararika Abana bakeneye ubufasha budasanze mu vy'amagara y'abantu gikorana n'abavyayi b'abana bakeneye ubufasha budasanze mu vy'amagara y'abantu bafise imyaka iri muni ya 22. Igisata CSHN kirashobora gufasha imiryango n'amashirahamwe kugira ngo bironke uburyo bubereye buhuye n'ivyo umwana wabo akeneye. Abakozi barashobora gufasha imiryango guca bisata bitandukanye kandi bitoroshe vy'amagara y'abantu, bakayihuzira n'ubuvuzi buzofasha umugwayi gusumba ubundi bwose buhari.



**Umugambi wo kwitwararika inzoya (Plan of Safe Care - POSC)**

Umugambi POSC wo kwitwararika inzoya wa reta ya Maine ushirwaho hagati y'ubuvuzi hamwe n'ubufasha buhabwa imiryango itishoboye, umuvyeyi na/canke abarezi, ukarondera kumenya inguvu z'umuryango hamwe n'ivyo ukeneye, inyungu hamwe n'ibikorwa vyofasha abana n'imiryango imiti canke ibiyayura mutwe vyagizeko ingaruka. Umugambi wo kwitwararika inzoya POSC urafasha no kurungika abantu mu yandi ma seruvise canke guha amakuru afasha imiryango gutora yo nyene ama seruvise ikwiye gutora.



**Ama seruvise araba ivy'ugukura kw'abana/Gutabara hakiri kare (Child Development Services/Early Intervention)**

canke uhamagare kuri 877-770-8883

Igisata c'ama seruvise araba ivy'ugukura kw'umwana/Uburyo bwo gutabara hakiri kare ni igisata c'inyigisho kiri hagati na hagati gifasha mu gutabara hakiri kare (kuva umwana akivuka gushika ashitse imyaka ibiri) hamwe n'inyigisho zibereye zo ku buntu (kuva ku myaka itatu gushika imyaka itanu) bihagarikiwe n'Igisata kiraba ivy'Indero muri reta ya Maine.



**Ubwinshingizi bw'amagara y'abantu bwa reta ya Maine (Health Coverage for Maine)**

canke uhamagare kuri 1-855-797-4357

Ubwinshingizi bw'amagara y'abantu bwa reta ya Maine ((CoverME.gov) butanga amakuru ku bwoko butandukanye bw'ubwinshingizi bwa gusa hamwe n'ubuzimbutse ku miryango yo muri reta ya Maine. Urashobora kandi kuronka intonde z'amashirahamwe yo mu karere ashobora ku gufasha gutahura ubwoko bw'ubwinshingizi bw'amagara y'abantu ushobora guhitamwo no kwuzuzura urupapuro rwo kubisaba.



**Umugambi utegura abana imbere yuko baja kw'ishure/Umugambi utegura abana bafise muni y'imyaka 3 imbere yuko baja kw'ishure (Head Start/Early Head Start)**

canke uhamagare kuri 207-441-5852

Head Start irafasha mu bijanye n'ukwiga, abana bakiri bato bo mu miryango ikwiye ibisabwa na reta y'igihugu cose mu vy'ubukene. Head Start ni umugambi ushigikiwe na n'igihugu mu buryo bw'amahera, ugizwe n'ivyigwa umwana atangirako imbere yo kuja mw'ishure nyaryo, ufise intumbero yo gufasha abana bafise hagati y'imyaka 3 n'itanu hamwe n'imiryango yabo, mu bijanye n'ibigumbagumba, ikibano, amagra, ingaburo hamwe n'amagara yo mu mutwe. Ufasha abana gukura mu kubana n'abandi mu kibano kandi ugashira imbere kwifasha ubicishije mu buhinga bwo gushimikira ku muryango kugira haboneke inyishu ku bibazo vy'umwana. Umugambi Early Head Start (washizweho mu 1994) ni umugambi uherekereza, washizweho mu ntumbero yo kwitwararika ibikenewe ku bana bakivuka gushika ku myaka 3, abavyeyi bari mu kwibaruka, hamwe n'imiryango yabo.



## Cradle ME

**Uburyo bwo kurungika abagwayo mu yandi ma seruvise (Cradle ME Referral System)**

canke uhamagare kuri 1-888-644-1130

CradleME iguhuzira n'ama seruvise akorera muhira yogufasha mwe n'umwana wawe kandi ku buntu. CradleME ni urunani rw'imigambi ibiri: Umugambi Public Health Nursing hamwe n'umugambi Maine Families.



**Urunani rw'imigwi ifasha abavyeyi bibungenze n'abaheruka kuvyara (Maine Families)**

Maine Families ni urunani rw'imigwi yo mu kibano mu reta yose rufasha abagore bibungenze hamwe n'abavyeyi bafise inzoya. Abanonosoye ivyo kwitaho no kugendera imihana bazokurondera kugira baronke amakuru n'uburyo bwo gufasha amagara y'umubiri n'amagara y'ibigumbagumba y'umwana wawe hamwe n'umuryango wose.



**Urunani rw'abaforoma banditswe babinonosoye (Public Health Nursing PHN)**

Abaforoma bari mu runani Maine CDC Public Health Nurses batanga ubufasha mu vy'amagara y'abantu babuha imiryango bakabutangira muhira. Abavyeyi bose bari mu kwibaruka n'abaheruka kwibaruka, inzoya n'impinza gushika ku mezi 12 barashobora kugendera n'umuforoma yegukira Public Health Nurse. Ukaba ufise ibibazo vyerekeye amagara yawe canke ay'umwana wawe, urashobora gusaba umuforoma umwanya wose ubishakiye mu guhamagara ku nimero ya CradleME.

Kugira usikane kode bita QR, ugurura apilikasiyo ifata amasanamu yo kw'iterefone yawe. Yirabishe kuri kode QR wipfuzaga gusikana. Raba ku kantu kerekana ibitangajwe hejuru ku mpera za ekara-gafyonde kugira kagutware ku rubuga ngurukana bumenyi.

Uru rwego rutanga amahirwe angana kuri bose.

